

KESYONÈ PRE-APLIKASYON ENFÒMASYON JENERAL AK ENSTRIKSYON Kenbe paj sa a pou dosye ou

Byenveni nan pwosesis seleksyon pwopriyete kay Sussex County Habitat for Humanity. Nou kontan ou montre enterè pou vin youn nan pwopriyete kay nou yo nan lavni. Sussex County Habitat for Humanity se yon ministè lojman kretyen san bi likratif ki pa denominasyon ki bati kay senp, desan, ak abòdab ansanm ak fanmi ki gen ti revni nan Sussex County.

Kalifikasyon pou yon Kay: Fanmi patnè yo kalifye atravè yon pwosesis aplikasyon detaye ki konsidere *kapasite pou peye* yon ipotèk abòdab, *demonstrasyon bezwen* pou lojman, ak *volonte pou kolabore* lè yo ranpli tout kondisyon pwogram yo pou vin yon fanmi patnè Habitat. Aplikan yo dwe viv ak/oswa travay nan Sussex County epi kenbe yon sous revni ki estab ak serye pandan 12 mwa youn apre lòt.

Kondisyon Pwogram Fanmi Patnè:

- Satisfè gid revni 30–80% AMI jan sa endike nan kesyonè pre-aplikasyon an
- Fè 200 èdtan “sweat equity” pou chak kay (omwen 100 nan konstriksyon, pa plis pase 50 ak zanmi & fanmi, pa plis pase 50 nan lòt opòtinite)
- Gen \$4,000 nan kont chèk/oswa ekonomi lè w ap soumèt kesyonè pre-aplikasyon an pou kontribye nan frè fèmen kontra yo
- Depoze yon lòt \$2,000 pandan dire pwogram nan
- Pa gen okenn det an reta lè w ap soumèt kesyonè pre-aplikasyon an ak pandan dire pwogram nan
- Kalifye pou yon pwodwi ipotèk abòdab dapre règleman ak pwosedi yo
- Gen yon nòt kredi minimòm 640 lè w ap soumèt kesyonè pre-aplikasyon an ak pandan dire pwogram nan
- Gen de liy kredi ouvè ak aktif pou omwen 12 mwa
- Dakò pou antre nan yon kontra lwaye tè. Sa vle di tè anba kay la ap rete pwopriyete Sussex County Habitat for Humanity, pandan pwopriyete kay la ap posede estrikti a. Premye kontra a gen yon dire 99 ane epi li renouvlab pou lòt peryòd 99 ane.
- Asiste sesyon edikasyon finansye ak edikasyon anvan achte chak mwa
- Asiste yon sèl klas obligatwa apre achte kay la
- Sèvi kòm yon bon anbasadè Habitat nan kominote a

Enstriksyon pou Aplike pou yon Kay:

- Tanpri soumèt dokiman sa yo:
- Kesyonè pre-aplikasyon (konplè devan ak dèyè)
- Kopi de mwa dènye fich pey aplikan/ko-aplikan ki montre revni brit depi nan kòmansman ane a pou chak travay
- Kopi deklarasyon revni/oswa lèt benefis adisyonèl (egzanp: sipò timoun, andikap, SSI, SNAP)
- Kopi de deklarasyon kont labank ki pi resan (chèk ak ekonomi) pou aplikan ak ko-aplikan
- Fòm siyen otorizasyon pou tcheke kredi
- Fòm siyen otorizasyon pou tcheke rejis delinkan seksyèl
- Yon lòd lajan \$30 pou peye SCHFH
- Ou ka achte yon lòd lajan nan biwo lapòs lokal ou
- Nou pa aksepte chèk, lajan kach, kat kredi oswa kat debi

Reponn kesyon sa yo pou wè si ou ta dwe aplike pou yon kay Habitat:

- Èske ou viv ak/oswa travay nan Sussex County? Wi Non
- Èske ou viv nan yon lojman ki pa bon, ki gen twòp moun oswa ki twò chè? Wi Non
- Èske revni brit anyèl fanmi ou tonbe nan gid sa yo? Wi Non

Gid Revni Anyèl HUD 2026

Gwosè Fanmi	Revni Pa Mwens Pase	Revni Pa Plis Pase
1	\$21,700	\$57,800
2	\$24,800	\$66,050
3	\$27,900	\$74,300
4	\$33,000	\$82,550
5	\$38,680	\$89,200
6	\$44,360	\$95,800
7	\$50,040	\$102,400
8	\$55,720	\$109,000

Si ou reponn “Wi” pou kesyon sa yo, ou ka kalifye pou yon kay Habitat for Humanity!

Bezwen pou Lojman Apwopriye:

Konbyen chanm nan kay aktyèl la? _____

Konbyen moun k ap viv nan kay aktyèl la? _____

Konbyen moun ki ta viv nan kay Habitat la? _____

Lis tout moun ki pral viv nan kay Habitat la (eksepte aplikan ak ko-aplikan):

	Laj	Gason	Fi		Laj	Gason	Fi
_____	_____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____	_____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
_____	_____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____	_____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
_____	_____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____	_____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
_____	_____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____	_____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

Decri sitiyasyon lojman ou kounye a. Di poukisa ou bezwen yon kay Habitat. (Si ou bezwen plis espas, mete yon lòt fèy papye.).

Volonte pou Patenarya ak Sussex County Habitat for Humanity:

Si yo chwazi ou, èske fanmi ou dispoze satisfè kondisyon pwogram lojman nou an?

- Fè 200 èdtan "sweat equity" pou chak kay (omwen 100 nan konstriksyon, pa plis pase 50 ak zanmi & fanmi, pa plis pase 50 nan lòt opòtinite)
- Gen \$4,000 nan kont chèk/oswa ekonomi lè w ap soumèt kesyonè pre-aplikasyon an pou kontribye nan frè fèmen kontra yo
- Depoze yon lòt \$2,000 pandan dire pwogram nan
- Pa gen okenn dèt an reta lè w ap soumèt kesyonè pre-aplikasyon an ak pandan dire pwogram nan
- Kalifye pou yon pwodwi ipotèk abòdab dapre règleman ak pwosedi yo
- Gen yon nòt kredi minimòm 640 lè w ap soumèt kesyonè pre-aplikasyon an ak pandan dire pwogram nan
- Gen de liy kredi ouvè ak aktif pou omwen 12 mwa
- Dakò pou antre nan yon kontra lwaye tè (tè a ap rete pwopriyete Sussex County Habitat for Humanity, pandan pwopriyete kay la ap posede estrikti a; kontra a dire 99 ane epi li renouvlab pou lòt peryòd 99 ane)
- Asiste sesyon edikasyon finansye ak edikasyon anvan achte chak mwa
- Asiste yon sèl klas obligatwa apre achte kay la
- Sèvi kòm yon bon anbasadè Habitat nan kominote a
 - Wi, mwen dispoze satisfè kondisyon sa yo si yo chwazi mwen pou pwogram nan.
 - Non, mwen pa dispoze satisfè kondisyon sa yo pou pwogram nan.

Pwosesis Apre Soumèt Kesyonè a:

- Nan **30 jou** apre ou soumèt kesyonè pre-aplikasyon an, ekip Homeowner Services ap revize epi verifye sa yo:
 - Kapasite ou pou peye yon ipotèk abòdab
 - Konfime ke revni ou tonbe nan gid revni SCHFH
 - Konfime ke ou gen \$4,000 nan kont chèk/oswa ekonomi
 - Tcheke rapò kredi ou pou konfime ke ou pa gen dèt an reta epi gen yon nòt kredi minimòm 640
 - Konfime ke non tout moun nan kay ou pa parèt nan rejis delinkan seksyèl leta ak nasyonal
- Fanmi ki satisfè kondisyon prekalifikasyon yo ap envite nan yon **randevou aplikasyon**, kote pwogram pwopriyete kay la ap eksplike an detay epi fanmi an ap ranpli aplikasyon lojman SCHFH.
- Apre randevou aplikasyon an, yo ka pwograme yon vizit sou sit la.
- Aplikasyon an ap prezante bay **Komite Homeowner Services**, ki ap fè yon rekòmandasyon bay **Konsèy Administrasyon an**. Konsèy Administrasyon an ap deside ki aplikasyon yo chwazi pou patenarya.

Lè mwen siyen epi soumèt kesyonè pre-aplikasyon sa a, mwen mande konsiderasyon pou pwogram pwopriyete kay Sussex County Habitat for Humanity. Mwen konprann ke fòm sa a se yon kesyonè pre-aplikasyon, pa yon aplikasyon. Mwen konprann ke rapò kredi mwen ap enprime epi itilize pou detèmine elijiblite mwen, epi non mwen ap tcheke nan rejis delinkan seksyèl leta ak nasyonal. Mwen reponn tout kesyon yo avèk verite.

_____ Dat: _____

Siyati Aplikan

_____ Dat: _____

Siyati Ko-aplikan

Tanpri retounen kesyonè pre-aplikasyon sa a nan:

Adrès Postal: P.O. Box 759 Georgetown, DE 19947 / Adrès Biwo: 206 Academy Street, Suite 1
Georgetown, DE 19947 / Telefòn Biwo: 302-855-1153 / Sitwèb: sussexcountyhabitat.org

Pou plis kesyon, tanpri kontakte Depatman Homeowner Services: (302) 855-1153



Otorizasyon pou Bay/Lage Enfòmasyon

Ou otorize pou bay Sussex County Habitat for Humanity oswa reprezantan li yo tout enfòmasyon ou genyen sou istwa kredi mwen, istwa travay mwen, revni mwen, balans kont labank ak lòt kont menm jan an, ansanm ak kopi deklarasyon taks sou revni mwen. Mwen libere ou menm ak Sussex County Habitat for Humanity de tout responsablite legal oswa obligasyon ki ka rive lè ou respekte otorizasyon sa a ak lè w itilize li. Mwen otorize tou Sussex County Habitat for Humanity pou voye mwen jwenn lòt òganizasyon san bi likratif pou sèvis sipò. Yon fotokopi otorizasyon sa a ap konsidere kòm efikas ak valab menm jan ak orijinal la.

Siyati Aplikant

DAT

Siyati Ko-aplikant

DAT

Avi sou Tcheke Rejis Delinkan Seksuèl

Tanpri pran avi ke, dapre règleman Habitat for Humanity International ak Sussex County Habitat for Humanity, non tout aplikan ak ko-aplikan pou yon kay Habitat oswa Pwogram Reparasyon, ansanm ak tout manm nan kay yo ki gen laj 16 an oswa plis, ap tcheke nan youn oswa plizyè bazdone rejis delinkan seksuèl. Si non ou, non ko-aplikan an oswa non nenpòt manm nan kay ou parèt nan yon rejis konsa, ou dwe imedyatman notifiye Sussex County Habitat for Humanity. Yon fotokopi otorizasyon sa a ap konsidere kòm efikas ak valab menm jan ak orijinal la.

Siyati Aplikan_____
DAT_____
Siyati Ko-aplikan_____
DAT

FOR OFFICIAL USE - DO NOT WRITE IN THIS SPACE

Registry checked by: _____ Date: _____

Name of Registry Checked: _____

Applicant Name: _____

 Does **Not** appear in the registries **Does** appear in the registries

Co-Applicant Name: _____

 Does **Not** appear in the registries **Does** appear in the registries

Additional Household member: _____

 Does **Not** appear in the registries **Does** appear in the registries

Additional Household member: _____

 Does **Not** appear in the registries **Does** appear in the registries